

Démocrates Engagés pour une Haïti Forte et Inclusive (DEHFI)



sèman pati politik DEHFI

Nou menm manm DEHFI, nou pare pou n leve tout defi pou n gen yon lòt Ayiti. Yon Ayiti kote lavi miyò a vin yon reyalite tout bon vre.

Nou menm manm DEHFI, nou pare pou n leve tout defi ki anpeche peyi a rete sou chimen estabilite politik ak pwogrè ekonomik.

Nou menm manm DEHFI, nou pare pou nou sèvi peyi nou pandan nap respekte tout prensip etik ak moralite ki defini anndan sosyete nou an.

Nou menm manm DEHFI, nou pral travay pou nou mete kanpe:

- Yon Ayiti ki djanm
- Yon Ayiti ki granmoun tèt li
- Yon Ayiti ki ka bay tout pitit li manje
- Yon Ayiti ki ka pran swen tout pitit
- Yon Ayiti ki ka voye tout pitit li lekòl
- Yon Ayiti ki ka pwoteje tout pitit li
- Yon Ayiti kote pèsonn pap sou tèt lalwa
- Yon Ayiti kote enpinite a ap Kaba
- Yon Ayiti kote koripsyon ap sispann taye banda.

Nou menm manm DEHFI, nou pare pou n leve defi sa yo ak tout kè nou, ak tout fòs nou e ak tout nanm nou.

Se sa nou pwomèt e se sa nou pral fè.

E nou pran zansèt nou yo kòm temwen.

